Pou Piblikasyon Imedya: 24/07/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

YON MWA APRE TRANBLEMANTÈ DEVASTATÈ YO, GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE SITWÈB AK RESOUS POU KOMINOTE VENEZYELYEN AN AK ALYE L YO NAN TOUT NOUYÒK

Resous yo gen ladan enfòmasyon sou fason pou sipòte rekiperasyon ak sekou, ak konsèy pou rete vijilan kont fwod nan don yo

Sitwèb Gouvènè a disponib isit la

Gouvènè Kathy Hochul lanse jodi a yon nouvo sit entènèt ak resous pou kominote Venezyelyen an ak alye yo atravè Nouyòk. Yon mwa apre tranblemantè devastatè ki te frape peyi a, Venezyela toujou ap fè fas ak yon sitiyasyon difisil e Gouvènè Hochul kontinye ankouraje Nouyòkè yo pou sipòte efò rekiperasyon ak sekou yo. Lè li konprann lyen pwofon ki genyen ant Nouyòk ak kominote Venezyelyen an, li ap asosye avèk Federasyon Ispanik la pou bay resous pou sipòte efò èd imanitè nan rejyon an, tout pandan l ap avèti sou potansyèl fwod don yo.

"Yon mwa apre tranblemantè devastatè yo, plizyè milye fanmi Venezyelyen, tankou anpil isit nan Nouyòk, toujou ap lite ak pèt ak ensètitid inimajinab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen ankouraje Nouyòkè yo pou yo kontinye montre jenewozite ki defini eta nou an lè yo sipòte òganizasyon imanitè nou fè konfyans k ap bay sekou sou teren an. Si ou chwazi fè yon don, tanpri rete vijilan kont fwod, asire w ke chak dola rive jwenn moun ak kominote ki pi bezwen l yo."

Pandan Venezyela ap kontinye rekipere apre katastwòf devastatè sa a, Gouvènè Hochul repete sipò li pou Estati Pwoteksyon Tanporè (Temporary Protected Status, TPS) pou Venezyelyen ki kalifye yo, li rekonèt ke yo pa ta dwe fòse moun retounen nan peyi k ap fè fas ak kriz imanitè.

Sipòte efò èd imanitè yo

Yon mwa apre tranblemantè devastatè a te frape Venezyela a, Nouyòk rete angaje pou l kanpe bò kote vwazen nou yo atravè lemond pandan moman kriz yo. Nan efò kontinyèl nou pou sipòte kominote ki afekte yo, n ap pataje chemen resous Federasyon Ispanik la bay pou moun ki enterese nan kontribye nan efò sekou ak rekiperasyon yo.

Federasyon Ispanik la (Hispanic Federation) – Ayuda a los Pueblos (Ede Pèp la): Sekou pou Katastròf nan Venezyela

- Federasyon Spanik la, pi gwo òganizasyon manm Latino san bi likratif nan peyi a, anonse yon Fon Sekou Ijans 100,000 dola: Ayuda a los Pueblos: Sekou pou Katastròf nan Venezyela.
- An patenarya avèk òganizasyon tankou AID for Life ak Casa de Venezuela Orlando ki gen koneksyon solid ak gwoup lokal yo k ap mobilize asistans imanitè imedya tankou manje, dlo pwòp, abri ijans ak founiti esansyèl atravè Venezyela.

Aid for LIFE – Fon pou ede apre tranblemanntè Venezyela a

- Ekip ki sou teren an nan Venezyela ap evalye bezwen imedya kominote ki afekte yo an tan reyèl, bay manje, dlo pwòp ak founiti medikal.
- Don yo ale jwenn dirèkteman ekip ki anndan Venezyela a, ki kowòdone ak òganizasyon lokal yo, tankou etidyan nan Universidad Central de Venezuela k ap reyalize travay sekou, ak lopital ak klinik ki bezwen founiti medikal ijan yo.

Casa de Venezuela Orlando – Repons Sekou Ijans

- An patenarya avèk Rezo Òganizasyon Venezyelyen yo nan Etazini ansanm ak gwoup lokal yo pou bay kominote yo sipò kontinyèl ak alontèm atravè sipò medikal ijans ak founiti epi ofri sipò emosyonèl bay fanmi anndan ak deyò Venezyela.

World Central Kitchen (WCK) - Èd Manje Ijans pou Venezyela

- Lè WCK asosye avèk òganizasyon ki sou teren an epi li aktive yon rezo kamyon manje oswa kwizin ijans, li bay kominote ki afekte pa katastwòf yo manje ki fèk prepare, ki familye ak kilti yo, ansanm ak dlo pwòp ak glas.
- Li te sèvi plis pase yon milyon repa nan semèn ki te swiv dènye tranblemantè Venezyela yo, epi li te sipòte kwizin kominotè yo ak pwovizyon manje, ekipman kwizin, amelyorasyon enfrastrikti ak fòmasyon kizin pou ogmante kapasite yo.

<u>Evite fwod nan don yo</u>

Nenpòt lè gen katastwòf ki rive, raketè yo atake kè moun k ap chèche bay èd yo. Tranblemantè nan Venezyela yo bay raketè yo opòtinite pou yo kreye fo òganizasyon byenfezans oswa pou yo pran aparans moun ki nan gwo soufrans. Gen lòt ki konsevwa sitwèb pou imite sit ofisyèl yon òganizasyon byenfezans lejitim pou vòlè lajan donatè ki pa sispèk yo ak/oswa vòlè enfòmasyon pèsonèl yo.

Pou evite lajan don yo tonbe nan move men, Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Depatman Deta Nouyòk la rekòmande pran prekosyon sa yo:

- **Verifye demann lan:** Raketè yo souvan fè pase tèt yo kòm zanmi, fanmi oswa enterè womantik sou rezo sosyal ak mande don; Si ou resevwa yon demann ou pa te solisite pou don sekou sou entènèt, menm si li parèt se yon moun ou konnen, konekte avèk moun lan dirèkteman atravè yon lyen kominikasyon diferan pou verifye demann lan. Pa klike sou okenn lyen oswa ranpli okenn fòmilè anvan ou verifye sous la. Si demann lan soti kote yon moun ou te resamman rankontre sou entènèt, gen chans pou se yon fwòd epi ou dwe pridan sitou.
- **Fè atansyon ak fo òganizasyon byenfezans yo:** Gen kèk eskro ki pral kreye fo "òganizasyon byenfezans" epi eseye twonpe w ak non ki sanble ak òganizasyon byenfezans byen koni. Prete atansyon ak non konplè òganizasyon byenfezans la, adrès entènèt li, enfòmasyon pou kontakte li, eksetera. Raketè yo ka kopye oswa imite non yon òganizasyon familye ke moun fè konfyans pou twonpe w.
- **Fè rechèch sou òganizasyon byenfezans lan:** Pa konte sou yon sitwèb òganizasyon byenfezans sèlman. Fè rechèch sou entènèt anvan ou fè don bay nenpòt òganizasyon byenfezans nan itilize non gwoup la plis tèm rechèch tankou "kòmantè" ak "fwòd". Komisyon Komès Federal la rekòmande verifye give.org, charitynavigator.org, charitywatch.org, oswa candid.org pou wè rapò ak evalyasyon pou òganizasyon byenfezans yo. Ou kapab verifye tou Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service, IRS) pou verifye ke yon òganizasyon byenfezans anrejistre. Biwo Pwokirè Jeneral la rekòmande tou pou revize rejis òganizasyon byenfezans yo pou jwenn rapò finansye yo anvan ou fè don pou asire òganizasyon byenfezans lan kòrèk fiskalman.
- **Reziste ak taktik gwo presyon yo:** Pandan sitiyasyon an ijan, konsomatè yo dwe reziste ak presyon pou fè don touswit. Raketè yo souvan fè presyon sou ou pou fè don touswit, sa ki lakòz ou neglije siyal wouj yo nan istwa yo a. Mefye w de imèl dirèk "viktim" ak demandè ki itilize istwa ki touche kè, k ap ensiste pou ou fè don touswit. Pa bay lajan nan telefòn bay vandè ou pa te solisite; olye de sa, mande moun ki rele a pou li voye dokiman alekri sou òganizasyon byenfezans lan epi kote pou w fè don an, si ou chwazi fè sa.
- **Kenbe enfòmasyon pèsonèl yo konfidansyèl:** Pa janm bay nimewo Sekirite Sosyal ou, nimewo kat kredi oswa kat debi ou oswa lòt enfòmasyon pèsonèl ki ka idantifye yo kòm repons ak yon demann òganizasyon byenfezans ou pa te solisite. Si w ap fè don sou entènèt, asire koneksyon entènèt ou sekirize anvan ou kontinye ak demann don yo.
- **Mande kijan lajan ou an pral depanse:** Konsomatè yo vle konnen lajan yo prale dirèkteman bay viktim yo. Yon òganizasyon byenfezans ki vrè dwe kapab fè ou konnen konbyen nan don ou an ki prale dirèkteman bay pwogram lan pa rapò ak frè administratif yo.
- **Fè don atravè chèk oswa kat kredi:** Pa janm bay lajan apati lajan kach, kat kado, lajan kripto oswa nenpòt mwayen peman k ap difisil pou retrase. Bay kontribisyon ou atravè chèk oswa kat kredi ke ou gen rejis don an. Fè chèk bay òganizasyon byenfezans lan, se pa bay yon moun endividyèl. Si ou chwazi fè

don sou sitwèb yon òganizasyon byenfezans, verifye ke sitwèb la sekirize epi òdinatè ou ekipe avèk dènye pwoteksyon kont viris.

Si ou sispèk ou te tonbe sou yon tantativ pou resevwa don ki se fwòd, ou kapab depoze yon plent nan Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Depatman Deta Nouyòk la. Nou kapab depoze plent konsomatè yo nenpòt lè nan www.dos.ny.gov/consumer-protection.

Liy Asistans pou Konsomatè Divizyon an ouvri lendi rive vandredi, sof jou ferye nan Eta a, depi 08:30 a.m. jiska 04:30 p.m nan 1-800-697-1220. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon ak konsèy lè w swiv Divizyon Pwoteksyon Konsomatè a sou rezo sosyal sou X ak Facebook.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.